



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU ROSH HASHANA

"Aswè a, fanmi atravè New York ak atravè mond lan pral rasanble pou selebre premye swa Rosh Hashana. Nan tranpe pòm nan siwo myèl, nan koute son chofa (shofar), epi nan angaje nan lapriyè ak refleksyon, kominote Jwif yo pral kontinye tradisyon yo transmèt atravè jenerasyon yo pou yo fè bilan ane ki pase a epi akeyi nouvo ane a. Antanke Gouvènè Eta a ki gen pi gwo popilasyon jwif pase nenpòt kote andeyò pèp Izrayèl la, se swè sensè mwen pou tout moun k ap selebre ane 5783 la ranpli avèk kominote, lajwa, dous ak pwosperite. Shana Tova U'Metukah — mwen swete tout moun yon bon nouvo ane nan lajwa!"

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418